# Shımbay rayonındaǵı Mayjaptıń qawınları Rossiya menen Qazaqstanǵa eksport qılınbaqta

Shımbay rayonı ázelden óziniń awıl xojalıǵı ónimleri menen belgili. Miynetkesh diyqanlar erte báhárden jerge kewil bólip tárbiyalaydı hám mol jemisin alıp, eldiń dastúrxanınıń tolı bolıwına ózleriniń múnásip úlesin qosıp kelmekte.




Rayonda iyun ayınan baslap qawınlar pisti. Búgingi kúnde paldan tatlı qawınlar «Mayjap» awıl puqaralar jıyınında jetistirilmekte. Pisip jetiskenleri bolsa xalqımızǵa jetkerip berilmekte.

Búgin mámleketimizde isbilermenlerge keń imkaniyatlar jaratılǵan. Bul imkaniyatlardan óz waqtında aqılǵa uǵras paydalanıw tek ǵana isbilermenge emes al, mámleketimizdiń ekonmikasına da óziniń unamlı tásirin kórsetedi. Berilgen jeńilliklerden únemli paydalanǵan diyqanlarımız jetistirgen qawınların sırt ellerge eksportqa shıǵarıwdı da jolǵa qoydı.




Shımbay rayonı «Mayjap» awıl puqaralar jıyını aymaǵında otızdan aslam fermerler jumıs alıp barmaqta. Atap aytqanda «Puqarbay - Nurzada» fermer xojalıǵı 160 gektar jer maydanınıń 70 getkarına qawın egip báhárden baslap háreket etti. Búgingi kúnde jetistirgen qawınları menen tek ǵana Shımbay bazarın támiyinlep qoymastan Rossiya hám Qazaqstan mámleketlerine de eksport etpekte.

Image not found or type unknown

# Shımbay rayonı hákimligi Málimleme xızmeti